

# **ANGKA PARTISIPASI SAKOLA UMUR 16-18 TAUN SARENG KAITANNA KANA TINGKAT KAMISKINAN DI JAWA BARAT**

**CLARIDA NURRIZQY DAMAYANTI  
165020036**

## **RINGKESAN**

*Tujuan dina panalungtikan ieu nya eta pikeun mikanyaho : (i) Sawangan angka partisipasi sakola umur 16 - 18 taun di Jawa Barat (ii) Sawangan tingkat kamiskinan di Jawa Barat (iii) Sabaraha lobana pangaruh Angka Partisipasi Sakola kana tingkat kamiskinan di Jawa Barat. Metode nu digunakeun nya eta survey nu ngagunakeun pendekatan kuantitatif make sampel panalungtikan nu jumlahna 27 kabupaten jeung kota di Jawa Barat. Tehnik pangumpulan data dina panalungtikan ieu mangrupa studi dokumentasi, sarta tehnik pangolahan data dilakukeun ku ngagunakeun bantuan aplikasi pangolahan data SPSS Statistik Version 24.0 for Windows. Hipotesa dina panalungtikan ieu unggelna " Aya pangaruh Angka Partisipasi Sakola umur 16 - 18 taun (X) kana tingkat kamiskinan (Y) di Jawa Barat. Hasil panalungtikan nunjukeun: (i) angka partisipasi sakola umur 16 - 18 taun di Jawa Barat lobana 69.05% kaasup kategori "luhur" (ii) tingkat kamiskinan di Jawa Barat lobana 3.07% kaasup kategori "handap" (iii) ayana kaitan angka partisipasi umur 16- 18 taun kana tingkat kamiskinan di Jawa Barat nyaeta 0, 401 atawa 40.1% sareng sesana 59.8% dipangaruhan ku faktor lain. Panulis mere bongbolongan ka pihak-pihak nu aya patalina nya eta: (i) ka lembaga dipiharep mampu pikeun ngaronjatkeun kapercayaan jeung nembongkeun gawe nu alus jeung mere nyaho nu aya hubungana jeung reliabel ka masyarakat utamana pihak-pihak nu ngabutuhkeun data (ii) ka panaliti nu sapandeurieuna supaya bisa ngasupkeun variabel-variabel nu acan ditalungtik dina panalungtikan ieu, oge nyieun panalitian make rentang waktu panalitianna. Kusabab kitu kasimpulan anu dihasilkeun ngabogaan cangkeman nu luas*

**Kosa Kecap:** angka partisipasi sakola umur 16-18 taun, tingkat kamiskinan provinsi Jawa Barat

